


La Bib pou ti moun prézanté



Ti fi ki
te viv de
fwa a



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Janie Forest
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.

Jayiris se te yon juif, chèf sinagòg la, ki te konn
adore Bondye epi anseye lòt moun Pawòl Bondye a.
Yon jou, yon gwo pwoblèm te rive li. Pitit fi douzan li

te renmen anpil la te tonbe
malad. Sanble pèsonn pa
te kapab fè anyen pou li.


Se te yon gwo maladi,
Jayiris te konnen pitit
fi li a t ap maladi.



Se yon sèl moun ki te kapab ede pitit fi Jayiris la. Jayiris te soti al chache Jezi epi mennen l lakay li. Li te konnen byen zanmi li yo nan sinagòg la pa t ap dakò ak li. Men, kimele l. Li te dwe

jwenn èd anvan pitit fi

li a mouri.



3

Jayiris te jwenn Jezi antoure ak pèp li a.



Yo te ajenou nan pye li. "Pitit fi mwen an lòt bò a nan kwen an," nonm lan te sipliye li. "Vini non, poze men w sou li pou l ka geri epi pou l viv."


4

Jezi t ale avèk Jayiris. Men, yo pa t ap mache vit akòz foul la. Te gen yon fanm ki te malad depi douzan. Li te wè tout doktè (epi li te depanse tout lajan l) san l pa te geri. Oh, jan li te anvi wè Jezi !




5

Ki sa fanm sa a te kapab fè ? "Si mwen ka touche rad li sèlman, m ap geri," li te di. Li te antre nan foul la pa dèyè epi li te touche rad Jezi.



6

Yon mirak ! YON MIRAK ! Fanm nan te geri. Bridesoukou ! Konplètman ! Li te konnen li te anfòm. Men, apre sa, li te tande yon vwa. "Ki moun ki te touche mwen an ?" Jezi te mande. Foul la te touche l, men fanm nan te konnen se ak li, li t ap pale. Avèk timidite, li te rakonte l tout istwa li a.



7

Nan moman sa a, kèk sèvitè yo te vin rive soti lakay Jayiris. Figi yo dwe te anonse tris nouvèl yo te pote a. "Pitit fi w la mouri !" yo te di Jayiris. Li mouri ! Li te twò ta. Petèt, si fanm nan pa te mete yo anreta... petèt, si... pitit fi Jayiris renmen anpil la te ale.



8

Lè Jezi te tande sa, li te reponn : "Pa pè, kwè sèlman, epi l ap geri." Kòm li te difisil pou li te kwè Jezi toutbonvre. Pitit fi li a te mouri.



9

Nan kay la, tout moun t ap kriye pou ti fi a. "Timoun nan pa mouri, men l ap dòmi", Jezi di yo. Yo t ap pase li nan betiz. Yo te konnen ti fi a te mouri.



10

Jezi te fè yo soti deyò, li te pran men ti fi a epi li di l : "Jèn fi, leve." Jayiris te la avèk madanm li. Twa nan disip Jezi yo te prezan. Yo tout tèt tande pawòl Jezi yo. Èske ti fi ki te mouri a t apral tande yo tou ?




11

Ti fi a te tande lòd Jezi te bay la ! Lespri li te retounen, epi li te leve kanpe menm kote a. Jezi te resisite li.



12

Paran timoun nan te etone anpil. Jezi di yo pou yo bay pitit fi yo a yon bagay pou li manje. Ala kontan yo dwe te kontan ; ala rekonesan yo te genyen pou Jezi ! Lanmou ekstrawòdinè ak puisans li a te sove pitit fi yo a nan lanmò.



13

Ti fi ki te viv de fwa a


Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Mak 5, Lik 8

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130

14



49



60

15

Istwa bibliik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Edé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

16